

Fevriye 2023

**ENPÒTAN – Sipleman Ijans SNAP yo ap fini nan mwa fevriye 2023.**

**Kisa benefis Alokasyon Ijans (EA) SNAP sipleman yo ye?**

Depi mas 2020, Kongrè a te ogmante tanporèman benefis SNAP yo akòz ijans sante piblik COVID-19 la. Yo te bay fanmi yo benefis sipleman EA SNAP yo anplis kantite lajan benefis SNAP nòmal yo chak mwa. Sa vle di ke ou t ap resevwa plis benefis SNAP chak mwa ke w t ap elijib nòmalman pou yo selon revni ak depans ou.

**Poukisa benefis sipleman EA SNAP yo ap fini?**

Paske sityasyon COVID-19 la te amelyore, yo p ap bay fanmi SNAP yo benefis EA sipleman yo ankò. Benefis SNAP ou yo ap retounen nan montan nòmal la nan mwa **mas 2023**. Biwo pou Asistans Tanporè ak Moun Andikape Eta New York (OTDA) la ak distri sèvis sosyal lokal ou a **pa** gen kontwòl sou chanjman sa a.

**Èske kantite lajan benefis SNAP mwen an ap chanje?**

Apati **1 mas 2023**, fanmi SNAP yo **p ap** resevwa benefis sipleman EA SNAP yo **ankò**. Pa konsekan, tout fanmi SNAP yo pral wè chanjman nan kantite lajan total benefis pa mwa yo. Kantite benefis SNAP nòmal ou a kalkile apati enfòmasyon espesifik sou fanmi ou (pa egzanp, kantite moun ki nan kay la, revni, ak lòt faktè).

**Kisa mwen dwe fè?**

Ou pa bezwen fè anyen. Lèt sa a se pou fè w konnen yo p ap bay benefis sipleman EA SNAP yo ankò apati mwa **mas 2023**. W ap kontinye resevwa benefis SNAP nòmal ou chak mwa pandan tout tan ou elijib. Lè w bezwen resètifye, n ap ba w yon lòt avi avèk enstriksyon sou fason pou w fè sa. Fanmi ki te gen pèt revni oswa yon ogmantasyon nan depans, tankou depans pou abri, frè gadri, peman pansyon alimantè pou timoun oswa (pou moun ki gen laj 60 an oswa plis, oswa ki andikape) depans medikal akseptab yo, kapab rapòte chanjman yo nan biwo distri lokal yo ki **ka** lakòz yon ogmantasyon nan benefis nòmal SNAP chak mwa fanmi an.

Ou ka tcheke balans benefis SNAP fanmi ou lè w vizite [www.connectebt.com](http://www.connectebt.com) oswa lè w rele **1-888-328-6399**.

Si ou bezwen plis èd pou manje, tanpri vizite [www.coronavirus.health.ny.gov/food-pantries](http://www.coronavirus.health.ny.gov/food-pantries) pou lokalize gadmanje nan zòn ou an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou benefis sipleman EA SNAP vizite [otda.ny.gov/EA-SNAP](http://otda.ny.gov/EA-SNAP) oswa rele **1-800-342-3009**.